Niñu namm a tërëlée waxtu njáng mi ci lekkool yi
Ci dogal bii: (Orden ECD/63/2016 de 16 de febrero. BOA 19/02/2016)*

Lu mu doon?

Lekkool yi am na ñu sañ-sañ bu toll ni méngélé seen i waxtu njáng ak séen i namm-namm ci séenum njángale. Ba tax na mën na ñu ci dugël ay coppite ngir toppatoo xaleyi na mu gënee

Lu mu laac?

- Way jur yi ak jángalekat yi mën na ñoo dogal, ganaaw ay wote (yoo xam ne, ñi ëpp da ñuy and ci namm-namm ya), tërëlinu waxtuy lekkool bi, séddëlé waxtu njáng mi ak yi ñuy jagleel yeneen i yëngu, mu dëppóo ak seen i soxla ak mébët.
- Lekkool bi di na wéy di ubbi waxtu yu tolloo ak ya woon. Amaana mu am tuuti coppiku ci waxtu ubbi ak waxtu tëc, ci yenn ci lekkool yi.
- Limu waxtu yi ndongo yi daan jáng du soppeeku: 5 waxtu bes bu nekk
- Ña daan yendu di fa añee ak ña daan dem a di dikk ci kaar ba, da na ñu ko wéyël waaye ci yeneen waxtu.
- Yëngu yi ñu fas yéene amal, da na ñu leen birël ci beneen Këyit bu ñuy tofal ca xaatimu namm-namm

Tërëlinu waxtu ya

1. Ab kuréel boo xamne képp kuy yëngu ci njáng mi da na ca bokk, da na tënk namm-namm yi
2. Kuréelu nguur gi yore wallu njáng mi, da na saytu yéene yooyu, wéyël ko
3. Kuréelu jángalekat yi ak ndaw yiy saytu njáng mi ci lekkool bi da na ko saxal
4. Ñu tofal ca leeral way jur yi namm-namm ya ak bes ya ak waxtu wote ya
5. Daal di amal wote ya

Lu tax ñu wara wane sunu bopp ci lii?

Ndaxte ñun ñëpp da ñoo bokk ci njáng ak njángale mi ci lekkool bi
Ndaxte ca la ñuy waxee ni ñu bëggee waxtu ak melo njáng u sunu njaboot
Ndaxte baatu baay bi ak bu yaay ji yëpp da ñoo am solo (ñaar i baat yëpp la ñuy waññi)

Këyit yiy and ak xibaar bii

Keyit buy tënk tërëlinu bes ak waxtu way jur yi di daje ngir leeral namm-namm yi
Keyit buy tënk tërëlinu bes ak waxtu yi ñuy def wote yi
Yëngu-yëngu yu yees, ak ndollent ci njángum xaley, ak yeneen xeeti yëngu … yu bokk ci namm-namm yi

WAXTU NJÁNG MI CI 2015/16

Dalee 09:00 ba 12:30 watu

Jáng ci kalaas bi

Dalee 12:30 ba 15:30 waxtu.

añ, ndolent ci njáng mi, yeneen xeeti yëngu yu yees. Lël and ak ñiy yore xale yiy yendu, yëngu yu uute ak njáng mi

Dalee 15:30 ba 17:00 waxtu.

Jáng ci kalaas bi

Besa k waxtu woote yi:

YÉENI ÑEEL 2016/17

Dalee 09:00 ba 14:00 watu



Jáng ci kalaas bi

Dalee 14:00 ba 17:00 waxtu.

añ, ndolent ci njáng mi, yeneen xeeti yëngu yu yees. Lël and ak ñiy yore xale yiy yendu, yëngu yu uute ak njáng mi